



Pou Piblikasyon Imedya: 30 ME 2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO REKÒ BÈS NAN TO POZITIVITE COVID-19 MWAYEN SOU 7 JOU A

Mwayèn sou 7 jou a bese a 0.71%; 55 jou bès youn apre lòt

Yo te administre 104,851 dòz vaksen pandan 24 èdtan ki pase yo

Pousantaj pozitivite nan tout Eta a se 0.64%

Ospitalizasyon yo tonbe a 1,068 — Nivo ki pi ba depi 25 oktòb

18 ka lanmò COVID-19 nan tout eta a yè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke pousantaj pozitivite COVID-19 mwayen sou 7 jou nan tout eta a te bese a 0.71 pousan yè, yon nouvo bès rekò depi 12 novanm.

"Eta New York ap bat COVID la epi fè pwogrès nan chif yo, epi kle a se bay piki nan bra yo pou tout Nouyòkè. To moun ki entèn ak pozitivite yo ap bese, men menm jan ak to vaksinasyon an tou, epi nou dwe kreyatif epi ankouraje Nouyòkè ki rete yo pou pran vaksen an," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap bay nouvo ankourajman ki inovan—ki enkli kat pou pak, biyè transpò, epi menm yon loto 5 milyon dola—pou asire ke nou kapab vaksinen popilasyon an avèk siksè. Sa enpòtan anpil pou nou pou rekonstui eta nou an, reouvri ekonomi nou an epi fè Nouyòkè yo retounen travay, kidonk mwen ankouraje chak moun ki pa t ko pran vaksen an pou vin vaksinen jodi a."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 122,737
- **Total Pozitif** - 785
- **Pousantaj Pozitif** - 0.64%
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 0.71%
- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 1,068 (-75)
- **Pasyan ki Fèk Entèn nan Lopital** - 115
- **Pasyan ki nan ICU** - 260 (-7)
- **Pasyan nan ICU ki nan entibasyon** - 155 (-3)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 182,175 (+161)
- **Kantite Lanmò** - 18
- **Total Moun ki Mouri** - 42,696

- **Total dòz vaksen yo administre** - 18,996,617
- **Dòz total vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki pase yo** - 104,851
- **Dòz total vaksen yo administre pandan 7 jou pase yo** - 618,818
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen** - 65.1%
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki gen seri vaksen yo konplete** - 56.8%
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen** - 53.5%
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete** - 45.6%

Pousantaj rezilta tèst pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Rejyon	Jedi 27 me 2021	Vendredi 28 me 2021	Samdi 29 me 2021
Capital Region	0.99%	0.97%	0.93%
Central New York	1.48%	1.46%	1.50%
Finger Lakes	1.87%	1.77%	1.68%
Long Island	0.64%	0.62%	0.64%
Mid-Hudson	0.71%	0.67%	0.64%
Mohawk Valley	0.94%	0.96%	0.98%
New York City	0.59%	0.57%	0.54%
North Country	1.05%	1.08%	0.93%
Southern Tier	0.54%	0.52%	0.53%
Western New York	1.20%	1.15%	1.14%
Nan tout Eta a	0.76%	0.73%	0.71%

Pousantaj rezilta tèst pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Minisipalite nan Vil NY	Jedi 27 me 2021	Vendredi 28 me 2021	Samdi 29 me 2021
Bronx	0.63%	0.59%	0.58%
Kings	0.65%	0.60%	0.56%
New York	0.38%	0.37%	0.35%
Queens	0.63%	0.61%	0.57%
Richmond	0.80%	0.85%	0.82%

Yè, te gen 785 Nouyòkè ki mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 2,084,696. Yon repatisyon jewografik se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
--------------	----------------------	----------------------

Albany	24,628	7
Allegany	3,529	0
Broome	18,548	6
Cattaraugus	5,702	8
Cayuga	6,311	4
Chautauqua	8,917	7
Chemung	7,707	10
Chenango	3,468	2
Clinton	4,827	0
Columbia	4,044	0
Cortland	3,880	5
Delaware	2,354	2
Dutchess	29,385	5
Erie	89,270	51
Essex	1,589	0
Franklin	2,546	4
Fulton	4,397	2
Genesee	5,421	3
Greene	3,397	2
Hamilton	313	0
Herkimer	5,164	2
Jefferson	6,073	5
Lewis	2,783	0
Livingston	4,496	3
Madison	4,541	2
Monroe	68,386	76
Montgomery	4,248	1
Nassau	183,169	24
Niagara	19,968	12
NYC	933,763	257
Oneida	22,471	12
Onondaga	38,691	48
Ontario	7,381	4
Orange	48,145	13
Orleans	3,109	0
Oswego	7,575	6
Otsego	3,445	4
Putnam	10,574	1
Rensselaer	11,188	2
Rockland	46,844	9
Saratoga	15,295	4

Schenectady	13,152	9
Schoharie	1,688	1
Schuyler	1,053	0
Seneca	2,002	1
St. Lawrence	6,609	0
Steuben	6,901	3
Suffolk	200,501	108
Sullivan	6,636	2
Tioga	3,793	5
Tompkins	4,318	8
Ulster	13,867	3
Warren	3,635	1
Washington	3,136	6
Wayne	5,743	4
Westchester	129,369	27
Wyoming	3,574	3
Yates	1,177	1

Yè, te gen 18 Nouyokè ki mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 42,696. Zòn jewografik yo repati konsa, dapre konte rezidans:

Moun ki mouri yo dapre Konte rezidans	
Konte	Nouvo moun ki mouri yo
Bronx	1
Kings	2
Livingston	1
Manhattan	1
Monroe	1
Niagara	2
Oneida	1
Queens	2
Richmond	2
Rockland	1
Suffolk	1
Ulster	1
Westchester	2

Tout sit vaksinyasyon an mas Eta New York yo ouvri kounye a pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinyasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinyasyon an mas eta a jere

ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte departman Sante Lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](#) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupren yo.

Yè, 44,057 Nouyòkè te resevwa premye dòz vaksen yo, epi 65,981 te konplete seri vaksen yo. Men yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki te vaksinen pa rejyon yo:

	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	630,986	1,779	544,826	2,337
Central New York	503,585	1,680	440,152	1,520
Finger Lakes	639,651	2,106	558,113	2,206
Long Island	1,390,397	4,899	1,164,394	8,306
Mid-Hudson	1,135,431	3,082	953,849	3,971
Mohawk Valley	247,015	631	218,092	591
New York City	4,888,875	23,367	4,134,472	41,714
North Country	226,906	759	202,635	365
Southern Tier	327,413	1,089	287,579	1,069
Western New York	688,581	4,665	586,530	3,902
Nan tout Eta a	10,678,840	44,057	9,090,642	65,981

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Departman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)